



Depatman Sante New Jersey devlope bwochi sa a pou ede paran yo pran desizyon eklere sou vaksen MMR la ak tès antikò.

Aprann plis sou egzijans vaksen pou lekòl nan NJ lè w vizite nj.gov/health/cd/imm_requirements oswa lè w eskane kòd QR ki anba a.



Pou Plis Enfòmasyon

Depatman Sante New Jersey
nj.gov/health/vaccines

Pwogram Maladi ki Ka Evite ak Vaksen
Depatman Sante New Jersey
nj.gov/health/cd/imm_requirements

Deklarasyon Enfòmasyon sou Vaksen (VIS)
immunize.org/vaccines/vis

Lwa sou Tit Antikò
pub.njleg.gov/bills/2002/PL03/257_.PDF

Suiv nou sou rezo sosyal yo
@NJDeptofHealth:

Facebook, Instagram, Threads, X, LinkedIn, ak YouTube



Pwogram Maladi ki Ka Evite ak Vaksen
Sèvis Maladi Transmisib Depatman Sante New Jersey

PO Box 369
Trenton, NJ
609-826-4861

Lwa sou Tit Antikò

Enfòmasyon pou paran yo sou Vaksen kont Lawoujòl, Malmouton, Ribeyòl (MMR) ak opsyon yo genyen



Kisa Lwa sou Tit Antikò a ye?

Lwa sou Tit Antikò New Jersey a (ki rele tou *Lwa Holly a*, N.J.S.A.26:2N-8-11) pèmèt paran yo fè tèst pou detèmine iminite yon timoun kont lawoujòl, malmouton, ak ribeyòl anvan li resevwa dezyèm dòz vaksen an.

Kisa Iminite ye?

Sistèm iminitè a se fason kò w goumen kont jèm yo. Lè yon jèm antre nan kò w, kò a fè pwoteyin espesyal ki rele antikò pou konbat li. Premye fwa yon jèm antre nan kò w, sa pran tan pou kò a fè antikò sa yo, kidonk ou ka vin malad. Apre sa, kò w sonje jèm nan epi li ka konbat li pi vit pou w pa vin malad ankò. Pwoteksyon sa a rele iminite.

Vaksen yo antrene sistèm iminitè w pou konbat jèm san ou pa tonbe malad anvan. Yo itilize yon pati nan yon jèm ki an sekirite epi ki fèb—oswa enstriksyon pou fè yon pati nan li—pou kò w ka aprann pwoteje w.



Sistèm iminitè w la tankou yon boukliye ki pwoteje kò w kont maladi

Kisa Lawoujòl, Malmouton, ak Ribeyòl ye?

Lawoujòl, malmouton, ak ribeyòl se viris ki gaye nan lè a lè yon moun touse oswa estènen. Maladi sa yo ka pafwa lakòz pwoblèm grav tankou domaj nan sèvo, nemoni, oswa pèt tande.

Règleman New Jersey yo (N.J.A.C. 8:57-4) egzije pou timoun ki nan gadri ak lekòl matènèl resevwa yon dòz vaksen kont lawoujòl, malmouton, ribeyòl (MMR), ak yon dezyèm vaksen MMR nan Jadendanfan.

Pifò timoun devlope iminite apre premye vaksen MMR la, men gen kèk (anviwon 5 sou 100 moun) ki pa devlope l. Yon dezyèm vaksen MMR ka ede timoun sa yo devlope iminite.

Kisa yon tit antikò ye?

Yon tit antikò (ki pwononse tay-tè) se yon tèst san ki tcheke si pitit ou a iminize kont yon maladi. Yo voye yon ti echantiyon san nan yon laboratwa pou chèche antikò.

Si tèst la montre pitit ou a iminize kont Lawoujòl, Malmouton, ak Ribeyòl, ou ka soumèt rezilta laboratwa yo bay lekòl pitit ou a. Si yo konfime iminite a, pitit ou a pap bezwen dezyèm vaksen MMR la.

Lwa sou Tit Antikò a bay paran yo yon chwa **ANVAN** yo bay pitit yo yon dezyèm dòz vaksen MMR. **Pale ak founisè swen sante w la** pou w aprann plis sou vaksen MMR la, lwa sou tit antikò a, ak fason pou w pran bon desizyon konsènan sante pitit ou a.

